

Odyans Piblik

Nan mwa desanm 2023, **Metropolitan Transportation Authority (MTA)** te soti yon Plan Pwopozisyon Final pou chanje fason Rezo Bis Queens la fèt pou pi byen adapte ak bezwen pasaje yo epi amelyore sèvis pou kliyan yo (<https://new.mta.info/document/128476>). Nap òganize odyans piblik sa a pou rasanble kòmantè sou tout sèvis bis nan sektè a. Si konsèy MTA a apwouve l, etap aplikasyon an pwograme nan moman an pou l fèt nan mitan ane 2025 la.

Kijan y ap chanje fason Rezo Bis Queens la?

Rezo Bis Queens la pa t gen gwo chanjman ki fèt ladan l sa gen plizyè dizèn ane, menmsi karakteristik popilasyon an ak fason moun yo wwayaje chanje. Chanjman nan fason Rezon Bis Queens la Fèt la konsantr sou chanje rezo bis la pou ogmante koneksyon, amelyore fyabilite, ogmante vitès trajè yo, epi senplifye sèvis yo. Chanjman nan fason Rezon Bis Queens fè gen wout ki pi senp, ki pi dirèk, amelyore ekilib nan arè otobis yo, amelyore koneksyon, epi amelyore frakans wout prensipal yo. Aprann plis sou chanjman ki pwopoze yo nan wout otobis ou, ak arè yo la a: <https://new.mta.info/project/queens-bus-network-redesign>

Dat, Lè ak Lokal kote Odyans Ibrid la ap fèt

Mèkredi 24 Out 2024 • Odyans lan ap kòmanse a 5:00 p.m. • Odyans lan ap fini a 8:30 PM

The Helen Marshall Cultural Center ki nan Queens Borough Hall

120-55 Queens Blvd. Kew Gardens, NY

Kote Rankont lan ap fèt: Atrium

Remak: Tout moun k ap patisipe yo dwe antre nan pòt prensipal ki sou Queens Blvd. la epi pase nan sekirite bilding nan.

Enskripsyon pou Odyans Piblik

Pou w anrejistre pou w pale nan odyans piblik ibrid la, tanpri enskri pou w pale swa an pèsòn, oswa sou entènèt sou <https://new.mta.info/2024-qbnr-hearing> oswa rele Liy Dirèk Odyans Piblik la nan (646) 252-6777. **Enskripsyon ap fèmen nan 6:30 p.m. Mèkredi 24 Jiyè 2024.** Y ap ekri tout kòmantè yo epi y ap fè pati dosye pèmanan odyans sa.

Patisipe nan Odyans Piblik la

Si w anrejistre pou w pale, ou ka patisipe swa sou Zoom sou entènèt, an pèsòn oswa sou telefòn lè w suiv enstriksyon sa yo.

Patisipe nan Seyans K ap Fèt sou Zoom sou Entènèt la: Pou w jwenn aksè ak reyisyon sou entènèt sou Zoom nan, ale sou sit entènèt la ki se: <https://new.mta.info/2024-qbnr-hearing>. Ou ka ale tou sou zoom.us/join epi antre nimewo Rankont lan ki se 87883645568.

Antre nan Zoom ak Òdinatè Pèsònèl/Table/telefòn: Lyen pou w asiste <https://mta.zoom.us/j/87883645568>

Patisipe nan Seyans sou Entènèt la sou Telefòn: Pou a antre nan reyinyon Zoom an ak telefòn, tanpri rele 1- 877-853-5247 (gratis) epi antre nimewo reyinyon an 87883645568, epi peze siy dyèz la (#).

Gade Sèlman Sou Entènèt: Moun ki nan piblik la ki ta renmen annik gade odyans lan ka konekte nan evènman an andirèk sou <https://new.mta.info/2024-qbnr-hearing>

Lòt Fason Pou W Fè Kòmantè Oswa Pou W Mande Enfòmasyon

Pou w jwenn plis enfòmasyon, pou w enskri alavans pou w Pale, oswa pou w Voyer Kòmantè Ale

Moun ki vle enskri alavans pou yo tande yo dwe enskri sou sit entènèt la, <https://new.mta.info/2024-qbnr-hearing> oswa an pèsòn nan odyans lan, oswa lè yo rele (646) 252-6777. Ajan k ap reponn telefòn yo disponib soti 6 am rive 10 pm chak jou. Prezantasyon ak pawòl yo ap ka dire **de (2) minit sèlman**. Ou ka bay temwayaj aloral oswa fè deklarasyon alekri pito oswa pou w ajoute sou temwayaj oral ki konsène pwojè yo pwopoze a. Nap aksepte kòmantè ekri yo anliy sou <https://new.mta.info/2024-qbnr-hearing>. Kòmantè yo ka ale pa lapòs tou, voye l nan: MTA Government & Community Relations, Attn: QBNR Public Hearing, 2 Broadway, D16.94, New York, NY 10004. Tout lèt yo dwe gen sou lapòs pa pita pase 26 jiyè 2024. Yo dwe depeze tout kòmantè ekri yo anvan 8:00 pm nan dat 26 Jiyè 2024. Kòmantè nou resevwa apre dat ak lè sa a p ap nan dosye odyans ofisyèl la.

Sèvis Aksesibilite ak Sèvis Èd pou kesyon Lang



Nan odyans piblik la, soutiraj CART ak Lang Siy Ameriken ap disponib.

Manm nan piblik la ki soud oswa ki difisil pou yo tande ka itilize sèvis transmision yo prefere a oswa yo ka itilize sèvis transmision gratis 711 lan, epi mande pou yo konekte yo ak Liy Dirèk pou Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777.

Manm nan piblik la ki avèg oswa ki pa wè byen ka mande aranjman nan dat 22 jiyè 2024 oswa anvan sa, lè yo voye yon demann sou entènèt sou <https://new.mta.info/2024-qbnr-hearing> oswa lè yo rele Liy Dirèk Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777.

Manm nan piblik lan ki pa gen aksè a yon òdinatè oswa ki pa gen aksè ak entènèt, ka antre nan odyans lan lè yo rele reyinyon sou entènèt sou **Zoom lan nan 1-877-853-5247 (Gratis)** epi antre ID reyinyon an: 87883645568 epi antre siy dyèz (#) la. Si w bezwen èd pou kesyon lang oswa nenpòt ki lòt aranjman ki nesèsè, tanpri voye yon demann omwen senk jou anvan osyans lan nan youn nan fason sa yo:

1. Sou entènèt sou <https://new.mta.info/2024-qbnr-hearing>
2. Rele Liy Dirèk Odyans Piblik la nan (646)252-6777, oswa
3. Voye yon lèt nan: MTA Government & Community Relations, Referans: 2024 QBNR PH, 2 Broadway, D16.94, New York, NY 10004.

